

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

**EGZAMEN TRANZISYON pou ISTWA AK
JEWOGRAFI JENERAL — NIVO 10****Madi 5 jen 2018 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman**

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy kominikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.

Ekri non w ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo. Yo ba ou yon fèy repons apa pou Pati I an. Suiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou an. Ansuit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj tiliv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa (3) pati. Ou fèt pou reponn **tout** kesyon ki nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonsè pou w ekri repons pou Pati II, III A ak III B.

Pati I an gen 30 kesyon ochwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

Pati II a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

Pati III a baze sou plizyè dokiman:

Pati III A a genyen dokiman yo. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon.

Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oswa plis. Ekri repons ou pou chak kesyon ki nan tiliv egzamen sa a sou liy ki vini apre kesyon an.

Pati III B a genyen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

PA LOUVRI TILIV EGZAMEN SA A JOUK YO BA OU SIYAL POU FÈ SA.

Pati I

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

Enstriksyon (1–30): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

Sèvi ak chema kwonolojik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 1 an.

1697	Espay sede Lafrans tyè lwès la nan Ispanyola
1791	Toussaint L'Ouverture alatèt rebelyon esklav yo ak nwa lib yo
1794	Gouvènman Jakoben an nan Lafrans deklare esklavaj fini nan tout koloni franse yo
1797	Toussaint L'Ouverture pran kòmmanman lame franse nan Sendomeng (Ayiti)
1802	20,000 sòlda franse rive nan Sendomeng pou reetabli otorite Lafrans
1803	Retrè dènye sòlda franse yo
1804	Deklarasyon Endepandans Ayiti

1 Nan kòmmanman ane 1800 yo, gouvènman franse a te pran aksyon nan Sendomeng (Ayiti) pou

- (1) pwoteje envèstisman yo nan koloni franse yo nan Amerik yo
- (2) pwoteje gouvènman Louis XVI la
- (3) voye esklav nwa yo tounen ann Afrik
- (4) kore rebelyon Toussaint L'Ouverture a

2 Ki karakteristik yo montre sou yon kat politik?

- (1) klima
- (2) lang yo pale
- (3) fwontyè yo
- (4) depo mineral

3 Ki aksyon ki pi byen reprezante sa yon istoryen dwe fè lè l ap konsidere prèv sous prensipal osijè yon evènman istorik?

- (1) rejte itilizasyon rapò temwen ki te wè ak de je yo
- (2) konsidere opinyon ki diferan
- (3) ensiste sou enpòtans valè relijye yo
- (4) aksepte rezime jounalis yo ekri

4 Revolisyon Syantifik la te rann popilè lide ke

- (1) konpreyansyon se rezilta obsèvasyon ak eksperimantasyon
- (2) Latè se sant sistèm solè a
- (3) doktrin legliz yo dwe sous pou nouvo lide
- (4) otorite politik yo dwe sipèvize rechèch syantifik

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 5.

... Grangou Pòmdeètè Ilandè a te kite kòm eritaj gwo santiman dirab kòlè ak desepsyon ak soupson anvè Britanik yo. Olye yon dezaz natirèl, anpil Ilandè yo gen konviksyon grangou a te yon konsekans dirèk politik kolonyal Britanik yo. Pou kore afimasyon sa a, yo te note pandan pi move ane grangou a, anpil Eta Anglo-Ilandè te kontinye ekspòte sereyal ak betay ann Angletè.

— Digital History, University of Houston

5 Ki konklizyon sou opinyon Ilandè yo osijè grangou pòmdeètè a pasaj sa a kore pi byen?

- (1) Grangou pòmdeètè Ilandè a te lakòz plizyè dezaz natirèl.
- (2) Ekspòtasyon sereyal aletranje te sèl kòz grangou pòmdeètè Ilandè a.
- (3) Politik kolonyal Britanik yo te vin fè efè grangou pòmdeètè Ilandè a pi mal.
- (4) Ilann pa te pwodui okenn sereyal ak betay pandan grangou pòmdeètè Ilandè a.

6 Camillo di Cavour te reprezante pou inifikasyon Itali sa Otto von Bismarck te ye pou inifikasyon

- (1) Venezyela (3) Lafrans
(2) Almay (4) Sèbi

7 Ewopeyen yo te itilize Dawinis Sosyal ak lide yo ekspriye nan “Fado Moun Blan” an pou jistifye politik

- (1) pasifis (3) izolasyonis
(2) kominis (4) enperyalis

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 8.

... Jis byen ta nan ane 1870 yo, 10% nan kontinan an sèlman te anba kontwòl dirèk Ewopeyen yo, ak Aljeri nan men Lafrans, Koloni Cape ak Natal (toude ann Afrik Disid modèn) nan men Grann Bretay, ak Angola nan men Pòtigal. E poutan, an 1900, nasyon Ewopeyen yo te ajoute prèske 10 milyon mil kare Lafrik — ki vle di yon senkyèm nan mas tè nan lemonn — nan posesyon kolonyal yo aletranje. Ewopeyen yo te dirije plis pase 90% nan kontinan Afriken an. . . .

— Saul David, “Slavery and the ‘Scramble for Africa,’”
BBC British History in Depth

8 Ki evènman ki te enfluyans pi dirèkteman chanjman yo mansyone nan pasaj sa a?

- (1) deklanchman Rebelyon Boxer a
(2) reyinyon Konferans Bèlen an
(3) siyati Pak Munich la
(4) efondreman Anpi Ottoman an

- 9 • Konstwi faktori ak enfrastrikti
• Entèdi pou fanm mete vwal ak pou gason mete fez
• Modènize edikasyon ak gouvènman
• Ranplase ekriti arab ak alfabè Latèn

Sou dominasyon ki lidè chanjman sa yo te rive?

- (1) Anperè Meiji
(2) Kemal Atatürk
(3) Jiang Jieshi (Chiang Kai-shek)
(4) Benito Mussolini

10 Ki tit ki pi byen konplete lide pasyèl ki anba la a?

- I. _____
A. Yo jete gouvènman pwovizwa Alexander Kerensky a.
B. Vladimir Lenin monte sou pouvwa.
C. Yo egzekite Tzar Nicholas II.
D. Lagè sivil pete.

- (1) Kòz Lagè Risi-Japon an
(2) Rezilta Kongrè Vyèn nan
(3) Rezilta Trete Vèsay la
(4) Efè Revolisyon Bòlchevik la

Baze repons ou pou kesyon 11 lan sou tablo ki pi ba a ak konenans ou nan etid sosyal.

Chif Popilasyon pou Ikrèn	
1926	31,195,000
1939	28,111,000
Chanjman	– 9.9%

11 Kisa ki yon rezon prensipal pou chanjman nan popilasyon ann Ikrèn ant 1926 ak 1939?

- (1) Politik kolektivizasyon ak grangou fòse Stalin nan
(2) kreyasyon yon patri juif nan Palestin Britanik
(3) grip ki pwopaje nan tout Inyon Sovyetik
(4) Patisipasyon Larisi nan Premye Gè Mondyal la

- 12 *Mototalitaris* la ka defini pi byen kòm
- (1) kwayans ke chanjman ak pwogrè bay avantaj
 - (2) pratik itilizasyon lafwa ak doktrin relijye pou kenbe disip yo
 - (3) lide ke Leta kontwole tout aspè yo nan lavi a
 - (4) metòd pou privatize endistri ak pwopriyete

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 13.

. . .Li inevitab, petèt, ke aktivite lamarin Japonè nan moman an asosye avèk pwogram militè ak volonte pou ekspansyon ni sou kontinan Lazi a ni nan dlo sid yo. Gade deklarasyon resan Minis Japonè Kominikasyon an, lè li te kalifye endistri a kòm “avangad [pyonye] pwogrè Japon,” ki dekri devlopman li enpòtan menm jan pou “ekonomi nasyonal, defans nasyonal ak amelyorasyon kont entènasyonal peyi a.” . . .

— Catherine Porter, “Shipping the ‘Vanguard of Advancing Japan,’ ” *Far Eastern Survey*, February 3, 1937

- 13 Selon pasaj sa a, ki konklizyon ki pi valab?
- (1) Bezwen militè ak endistriyèl Japon te asosye ak ekspansyon.
 - (2) Devlopman lamarin pa te yon gwo priyorite pou Japon.
 - (3) Pifò bezwen Japon yo te satisfè ak resous ki egziste yo.
 - (4) Pozisyon zile Japon an te favorize endistri lapèch.
-
- 14 Neville Chamberlain te vizite Munich an 1938 pou negosye sò Sudetenland. Ki politik ki pi asosye avèk aksyon Chamberlain an?
- (1) apezman
 - (2) non-aliyman li
 - (3) reparasyon
 - (4) kolonyalis

- 15 Yo te etabli doktrin Truman nan ak Plan Marshall la pou
- (1) kraze Revolisyon Ongri a
 - (2) anpeche kominis gaye
 - (3) sispann blokis Sovyetik nan Bèlen
 - (4) detwi Òganizasyon Trete Atlantik Nò a (OTAN)

- 16 Kisa ki youn nan diferans prensipal ki genyen ant yon ekonomi mache ak yon ekonomi planifye?
- (1) Yon ekonomi planifye gen mwens kontwòl gouvènman an.
 - (2) Yon ekonomi planifye bay plis chwa pou konsomatè yo.
 - (3) Yon ekonomi mache gen mwens pwopriyete prive.
 - (4) Yon ekonomi mache gen plis konkirans komèsyal.

- 17 Ki de nasyon ki te kreye akòz tansyon relijye?
- (1) Lend ak Pakistan
 - (2) Izrayèl ak Lejip
 - (3) Brezil ak Kolonbi
 - (4) Vyetnam ak Bimani

- 18 Nan Kanbòdj, Pol Pot ak Khmer Rouge te baze modèl sosyete agrè yo sou
- (1) Gran Pa Annavan Mao Zedong nan Lachin
 - (2) doktrin detant Leonid Brezhnev
 - (3) pwogram Mohandas Gandhi pou Kite Lend
 - (4) mouvman Solidarite Lech Walesa nan Pòlòy

- 19 Yon fason kote Mikhail Gorbachev nan Inyon Sovyetik ak F. W. de Klerk nan Afrik Disid sanble sèke chak lidè
- (1) te chèche ogmante asenal nikleyè peyi li
 - (2) te dèyè yon politik etranje izolasyon ak rès monn lan
 - (3) te demare refòm ki te lakòz gwo chanjman politik
 - (4) te mete opozisyon pou prezans obsèvatè entènasyonal pandan eleksyon nan peyi li

- 20 Ki pwoblèm mondyal konfli nan fen 20yèm syèk yo nan Rwanda, Kosovo, ak Soudan montre pi byen?
- (1) vyolasyon dwa moun
 - (2) ogmantasyon zam chimik
 - (3) dezakò osijè fwontyè nasyonal
 - (4) mank resous dlo

21 Selon pwennvi Meksiken, kisa ki te yon agiman kont adopsyon Akò Lib Echanj Nò Ameriken an (NAFTA)?

- (1) Endistri Meksiken yo t ap kapab ogmante ekspòtasyon yo Ozetazini.
- (2) Gwo kowoperasyon ekonomik ta amelyore refòm demokratik nan Meksik.
- (3) Ekonomi Kanada ak Etazini t ap ogmante pi dousman pase ekonomi Meksik.
- (4) Kiltivatè Meksiken yo ta ka nan chomaj paske kiltivatè Etazini yo t ap kapab pwodui manje ak depans ki pi ba anpil.

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 22.

Mansyone Lafrik an sosyete, epi moun ki bòkote w gendwa fè grimas ak figi yo, souke tèt yo ak tristès, epi deklare senpati yo. Mezanmi, tout lagè sa yo! Maladi sa yo! Diktatè sa yo!

Natirèlman, atitid sa a enève Afriken yo yomenm, paske jan yo wè Afrik dòdinè tankou yon jenosid andedan yon Eta ki echwe andedan yon diktati, an reyalyte, se yon erè. . . .

Malè [devenn] Lafrik se lagè, men kantite konfli yo te diminye. Pifò nan diktatè asasen yo tankou Idi Amin nan Ouganda disparèt, epi n ap asiste aparasyon teknokrat kalifye ki aksepte kontwòl sou pouvwa yo epi ki pa konsidere kès leta tankou bwat sekre prive yo. Chanm kabinè Rwanda a reyini gen pi gwo teknoloji pase chanm kabinè Mezon Blanch reyini, epi lè w ap pale ak lidè tankou Ellen Johnson Sirleaf nan Liberya, ou pa ka anpeche w poze tèt ou kesyon sou envesti nan aksyon Liberya yo. . . .

— Nicholas D. Kristof, *New York Times*, *Upfront Magazine*, April 19, 2010 (adapte)

22 Ki deklarasyon pasaj sa a kore pi byen?

- (1) Kantite lagè ann Afrik te ogmante.
- (2) Peyi Afriken yo manke teknokrat kalifye.
- (3) Diktati yo ap ogmante ann Afrik.
- (4) Gen sèten chanjman politik pozitif k ap fèt ann Afrik.

Sèvi ak tablo ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 23 ak 24.

Tandans Popilasyon nan Lachin 1990 a 2003

Ane	% Popilasyon nan Zòn Iben yo	% Popilasyon nan Zòn Riral yo
1990	26.41	73.59
1991	26.94	73.06
1992	27.46	72.54
1993	27.99	72.01
1994	28.51	71.49
1995	29.04	70.96
1996	30.48	69.52
1997	31.91	68.09
1998	33.35	66.65
1999	34.78	65.22
2000	36.22	63.78
2001	37.66	62.34
2002	39.09	60.91
2003	40.53	59.47

— Chinese Government's Official Web Portal

23 Ki faktè nan peyi Lachin ki gen plis chans lakòz tandans popilasyon yo montre nan tablo sa a?

- (1) grangou akòz etablisman komin yo
- (2) opòtinite travay
- (3) pwopagasyon maladi
- (4) politik yon sèl timoun

24 Ki pwoblèm gouvènman Lachin nan gen posiblite konfwonte akòz tandans yo montre nan tablo sa a?

- (1) yon mank rekri pou lame
- (2) bès mendèv disponib nan vil yo
- (3) yon popilasyon k ap ogmante nan zòn riral yo
- (4) twòp moun nan zòn iben yo

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 29 ak 30.

<p>Tousuit apre piblikasyon dekrè sa a, yo dwe mete nan prizon tout sispèk nan teritwa Repiblik la ki an libète toujou.</p> <p>Moun annapre la yo konsidere kòm sispèk: –moun ki, dapre konduit yo, asosyasyon yo, kòmantè, oswa zèv yo ekri te montre tèt yo kòm patizan [sipòtè] tirani oswa federalis ak lènmi libète; . . .</p> <p>– Law of Suspects, France, 1793</p>	<p>Nenpòt moun ki, dapre diskou li, zèv li ekri, oswa nenpòt lòt zak, itilize oswa eksplwate blesi Trajedi Nasyonal la pou nwi enstitisyon yo nan Repiblik Demokratik ak Popilè Aljeri, febli Eta a, oswa minen bon repitasyon ajan li yo ki sèvi li nan fason ki onorab, oswa pou abime imaj Aljeri sou plan entènasyonal, yo dwe pini moun sa ak twa (3) rive senk (5) ane nan prizon ak yon amann 250,000 rive 500,000 dina.</p> <p>– Decree Implementing the Charter for Peace and National Reconciliation, Algeria, 2006</p>
--	---

29 Toude pasaj sa yo montre yon entansyon pou

- | | |
|--------------------------------|-----------------------|
| (1) soutni dwa moun | (3) elimine opozisyon |
| (2) limite pouvwa gouvènman an | (4) elaji demokrasi |

30 Selon Dekrè Aljeryen an, yo ka pini moun poutèt yo nwi oswa febli Aljeri nan

- | | |
|-----------|---------------|
| (1) komès | (3) relijyon |
| (2) medya | (4) gouvènman |
-

Ou dwe ekri repons pou kesyon redaksyon yo nan tiliv redaksyon apa a.

Nan devlopman repons ou yo pou Pati II a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè de li”
- (b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezonman ak diskisyon; prezante an detay”

Pati II

KESYON REDAKSYON TEMATIK

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragaf ki pale osijè sa w gen pou fè anba a, ak yon konklizyon.

Tèm: Kilti ak Lavi Entelektyèl

Souvan entelektyèl, filozòf, ak lidè yo anrejistre lide yo nan zèv yo ekri. Yo te itilize lide sa yo toutolon listwa pou gide sosyete yo ak enfluyans devlopman nasyonal ak rejyonal yo.

Sa pou fè:

Chwazi **de (2)** entelektyèl, filozòf, **ak/oswa** lidè ak yon zèv ekri ki asosye avèk moun sa a epi, pou yo **chak**

- Dekri sikonstans istorik ki konsène zèv ekri sa a
- Dekri yon lide prensipal ou jwenn nan zèv ekri sa a
- Diskite sou fason ide sa a te enfluyans devlopman yon nasyon oswa yon rejyon

Ou ka itilize nenpòt entelektyèl, filozòf oswa lidè nan etid istwa ak jewografi jeneral ou. Kèk sijesyon ou kapab konsidere gen ladan yo:

John Locke—*Two Treatises on Government (De Trete sou Gouvènman)*

Adam Smith—*Wealth of Nations (Richès Nasyon yo)*

Olympe de Gouges—*The Declaration of the Rights of Woman (Deklarasyon Dwa Fanm yo)*

Karl Marx—*Communist Manifesto (Manifès Kominis)*

Theodor Herzl—*On the Jewish State (Sou Eta Juif La)*

Adolf Hitler—*Mein Kampf (Konba mwen)*

Elie Wiesel—*Night (Lannwit)*

Mao Zedong—*Little Red Book (Tiliv Wouj)*

Nelson Mandela—*Long Walk to Freedom (Long Mach pou Libète)*

Ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman.

Pa sèvi ak okenn entelektyèl, filozòf, oswa lidè Etazini nan repons ou an.

Gid:

Nan redaksyon ou an asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp ak detay enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

Pati III

KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an. Toujou sonje langaj ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te ekri dokiman an.

Kontèks Istorik:

Pwen enpòtan yo se evènman ki te chanje listwa e ki te gen yon enpak sou plizyè sosyete ak rejyon. Kèk egzanp pwen enpòtan yo gen ladan *Lagè Opyòm*, *Revolisyon Endistriyèl*, ak *Lagè Fwad*.

Sa pou fè: Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa ak jewografi jeneral, reponn kesyon ki vini apre chak dokiman ki nan Pati A. Repons ou pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B kote y ap mande ou pou

Chwazi **de (2)** pwen enpòtan ki endike nan kontèks istorik la epi pou yo **chak**

- Dekri sikonstans istorik ki konsène pwen enpòtan sa a
- Diskite sou enpak pwen enpòtan sa a sou sosyete yo ak/oswa rejyon yo

Nan devlopman repons ou yo pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè de li”
- (b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalyte, rezonman ak diskisyon; prezante an detay”

Pati A

Kesyon ak Repons Kout

Enstriksyon: Analize dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Dokiman 1

. . . De bagay te rive nan dizuityèm syèk la ki te fè li difisil pou Angletè ekilibre komès li ak Lès. Premyèman, Britanik yo te vin yon nasyon ki bwè te epi demann lan pou te chinwa te ogmante nan fason astwonomik [anpil anpil]. Yo estime travayè Londonyen òdinè a te depanse senk (5) pousan nan bidjè total kay li nan te. Dezyèmman, machann chinwa nan nò yo te kòmanse ekspedye koton chinwa ki soti nan enteryè a nan direksyon sid pou fè konkirans ak koton endyen Grann Bretay te itilize pou ede peye pou abitud konsomasyon te li a. Pou anpeche yon dezekilib komès, Britanik yo te eseye vann plis nan pwòp pwodui pa yo ba Lachin, men pa te gen anpil demann pou twal lenn lou nan yon peyi ki abitye swa avèk ranbouraj koton oubyen swa.

Sèl solisyon an se te ogmante kantite machandiz endyen yo pou peye pou liks chinwa sa yo, epi deplizanpli nan disetyèm ak dizuityèm syèk yo, atik yo te founi Lachin se te opyòm Bengal. Ak ogmantasyon founiti opyòm, te vin gen natirèlman yon ogmantasyon nan demann ak itilizasyon nan tout peyi a, malgre entèdiksyon repete gouvènman ak otorite chinwa yo. Britanik yo te fè tout sa yo kapab pou ogmante komès la: Yo te kòronp otorite yo, yo te ede chinwa yo òganize plan kontrebann pou fè opyòm nan antre andedan Lachin, epi yo te distribiye echantyon gratis dwòg la bay viktim inosan. . . .

Sous: "The Opium War and Foreign Encroachment," Asia for Educators, Columbia University

- 1 Dapre pasaj sa a ki soti nan "The Opium War and Foreign Encroachment (Lagè Opyòm ak Anvayisman Etranje)," kisa ki te **yon** rezon ki fè Angletè te vann peyi Lachin opyòm? [1]

Score

Dokiman 2

Anperè chinwa a te nonmen Lin Tse-Hsü kòm komisyonè enperyal pou abòde pwoblèm komès ak konsomasyon opyòm.

Sa se yon a nsèyman pou etranje tout nasyon yo:

Etranje ki fè komès nan Canton te reyalize gwo benefis. Yo kapab vann tout machandiz yo te pote nan Lachin epi achte menm kote a nenpòt machandiz yo vle achte. Akòz reyalite sa a, kantite bato ki vini nan peyi Lachin pou fè komès te ogmante soti nan 50 oswa 60 alepòk pou vin plis pase 150 nan dènye ane yo. Monwa Anperè a pèmèt tout moun fè komès nan Lachin san diskriminasyon, epi jenewozite li ba w posiblite pou reyalize pwofi ou vle a. Si komès la sispann, kikote pwofi ou ap soti? Anplis, te ak ribab endispansab pou lavi etranje yo, epi nou pa te janm regrèt [pa apwouve] ke ane apre ane ou te ekspedye pwodui presye sa yo nan ppwòp eyi ou yo. Favè nou te akòde w lan trè gwo toutbon.

Si w gen rekonesans pou favè ou te resevwa a, ou dwe omwen respekte lwa nou epi evite anrichi tèt ou nan fè mal toutespre sou byenfetè ou yo. Poukisa ou chwazi pou w ekspedye nan Lachin opyòm ke oumenm poukont pa w pa konsome, non sèlman nan bi pou eskwoke pran lajan moun yo, men tou pou mete lavi yo an danje? Ou te itilize bagay malfezan sa a pou anpwazonnen pèp chinwa a pandan plizyè dizèn ane, epi kantite pwofi ou te reyalize nan komès imoral sa a dwe gwo anpil toutbon. Konduit dyabolik ou sa non sèlman kreye endiyasyon limanite, men li entolerab nan Syèl la tou. . . .

Sous: Lin Tse-Hsü, "A Message to Foreign Traders," March 18, 1839, *China in Transition: 1517–1911*, Van Nostrand Reinhold Company

2 Nan lèt sa a, kisa ki **yon** mesaj kont komès opyòm nan Lachin Lin Tse-Hsü ap voye ba komèsan etranje yo? [1]

Score

Dokiman 3a

. . .Nan sezon prentan ane 1840, ven bato Britanik ak transpò sòlda parèt nan Canton pou bloke pò a. Lagè Opyòm nan te kòmanse.

Malgre lagè a te dire prèske twa zan, zam ak sòlda Anglè yo te fini pa pwouve yo twòp pou chinwa yo. Anglè yo mete men sou Canton, Shanghai, ak lòt pò, epi yo voye bato ak kanon sou rivyè Yangtze prèske rive Nanking [Nanjing]. Ozanviwon fen 1842, lè li reyalize plis batay te initil, Anperè Tao-kuang te dakò ak chita pale pou lapè. . . .

Sous: James I. Clark, *China*, McDougal, Littell & Company, 1982

3a Dapre James I. Clark, kisa ki te **yon** efè Lagè Opyòm nan sou Lachin? [1]

Score

Dokiman 3b

Pasaj nan Trete Nanjing lan

. . .*Atik 2.* Li te detèmine ouvèti senk (5) vil chinwa — Canton, Fuzhou, Xiamen, Ningbo, ak Shanghai — pou rezidans sitwayen Britanik ak fanmi yo “nan bi pou kontinye aktivite komèsyal yo, san molestasyon [entèferans] ni kontrent.” Li te pèmèt tou etablisman konsila nan chak nan vil sa yo.

Atik 3. “Zile Hong Kong dwe posesyon Rèn Victoria ak siksesè li pou toutan gen tan [pou toutan]”, epi gouvènè li jan yo “wè ki bon pou fè.”


Atik 4. Qing peye \$6 milyon “kòm valè opyòm ki te livre nan Canton.” . . .

Sous: Jonathan D. Spence, *The Search for Modern China*, W. W. Norton & Company, 1991

3b Kisa ki te **yon** enpak ekonomik Trete Nanjing lan sou Lachin? [1]

Score

Dokiman 4



Sous: Philip Dorf, *Visualized Modern History*, Oxford Book Company, 1947

- 4 Sèvi ak enfòmasyon ki nan desen sa a pou endike **yon** fason chanjman soti nan sistèm domestik pou vin nan sistèm faktori vin chanje fason moun te travay. [1]

Score

Dokiman 5a

Vizyon apati de pon Blackfriars



Pon Blackfriars se nan Manchester, ann Angletè sou Larivyè Irwell la.

Sous: *The Graphic*, October 14, 1876

Dokiman 5b

Eta [Rivyè] Tamiz.

Pou Editè *The Times*.

Mesye,—Mwen te travèse jou sa a nan bato-a-vapè espas ki genyen ant pon Lond ak Hungerford ant innè edmi e dezè; dlo a te ba, e mwen panse lamare te dwe prèt pou chanje. Aparans ak sant dlo a te enpoze atansyon mwen tousuit. Tout larivyè a te yon likid mawon pal opak. Pou teste nan ki degre li opak [twoub], mwen te chire kèk kat blan fè plizyè moso, mwen mouye yo nan fason pou fè yo plonje fasilman anba sifas la, epi apres a mwen lage enpe nan moso sa yo nan dlo a nan chak waf bato a akòste; anvan yo te plonje nan pwofondè yon pous anba sifas la ou pa te ka distenge yo, alòske solèy la te byen klere nan moman an; epi lè moso yo te tonbe sou rebò, ou pa te ka wè pati anba a anvan pati anwo a te fin anba dlo. Sa te rive nan waf St. Paul, pon Blackfriars, waf Temple, pon Southwark, ak Hungerford; epi mwen pa gen okenn dout sa t ap fèt pi lwen anwo ak anba larivyè a. Toupre pon yo malpwòpte a [salte yo] te vlope fè nwaj ki sitelman pwès, ou te kapab wè yo nan sifas la, menm nan dlo kalite sa a. . . .

Mesye, mwen se sèvitè
obeyisan ou,
Enstitisyon Wayal. 7 jiyè.
M. FARADAY.

Sous: Michael Faraday, Letter to the Editor, *The Times*, July 9, 1855

5 Selon dokiman sa yo, kisa ki **yon** efè anviwònmantral endistriyalizasyon te gen sou vil Anglè yo? [1]

Score

Dokiman 6

Endistri Koton

. . .Lend se yon plas nesans pwodiksyon koton. Li te devlope la petèt anvan kòmansman istwa otantik. Komès koton endyen te gwo anpil depi tan ansyen yo jouk rive nan fen dizuityèm syèk la. Nan konmansman dizivyèm syèk la, endistri Britanik te kòmanse pwospere alòske endistri endyen t ap bese. Kòz yo atribye anjeneral pou bès endistri koton endyen an se — envansyon machin-a-tise mekanik ak lòt aparèy mekanik, monopoli komès Konpayi End Oryantal yo te kreye nan pwòp favè pa yo, enpozisyon yon gwo tarif sou koton endyen an ak machandiz koton ann Angletè, egzansyon taks pou pwodui debaz Britanik ki enpòte nan peyi Lend, ak ogmantasyon taks sou machandiz endyen yo detanzantan. . . .

An 1840, Konpayi End Oryantal te sispann enterese dirèkteman nan komès endyen. Nan nouvo wòl li kòm yon administratè, li te prezante yon petisyon nan Palman Britanik la pou retire taks enjis [malonèt] ki te dekouraje ak reprime endistri endyen yo. Kapitalis Konpayi [End Oryantal] yo ak kapitalis endyen yo te ankouraje etabli endistri nan peyi Lend.

Istwa izin koton yo montre byen nati ak etandi nouvo revèy endistriyèl sa a nan peyi Lend. An 1850, sistèm faktori Ewopeyen an te devlope e kowòdone sifizaman [ase] pou yo transplante li a lès. Premye izin koton an te kòmanse nan Bombay an 1854 epi rive nan fen dizivyèm syèk la, kantite yo te ogmante vin 193, ak 82 ki te nan zòn Bombay poukont pa li. Apre 1877 izin koton yo te kòmanse nan yon kantite lòt kote ki se, Nagpur, Ahmedabad, Sholapur, Kanpur, Calcutta ak Madras. Jamsetji Tata ak Morarji Gokuldas te premye fabrikan endyen ki te kòmanse izin nan Nagpur ak Sholapur nan menm lòd la. . . .

Sous: Usha Rani Bansal and B. B. Bansal, "Industries in India During 18th and 19th Century," *Indian Journal of History of Science*, April 1984 (adapte)

6a Dapre Bansal ak Bansal, kisa ki **yon** enpak endistriyalizasyon Britanik te gen sou peyi Lend *anvan* 1840? [1]

Score

b Dapre Bansal ak Bansal, kisa ki **yon** enpak endistriyalizasyon Britanik te gen sou peyi Lend *apre* 1840? [1]

Score

Dokiman 7

. . .Lagè [Dezyèm Gè Mondyal] te pwodui yon redistribisyon ki pi radikal pase nan nenpòt peryòd anvan nan listwa. Pami nasyon prensipal nan sistèm entènasyonal miltipolè anvan lagè a, yo te bat epi okipe Japon, Itali, ak Almay. Fatige epi prèske an fayit, Grann Bretay ki t ap domine otrefwa te redui vin yon puisans dezyèm-klas. Yo te bat Lafrans lè lagè a demare [kòmanse] epi alye li yo te libere li, li te menm soufri pi gwo pèt nan estati ak pouvwa. Mond ki santre sou Ewòp la an gran pati atravè yon pwosesis destriksyon pwòp tèt li te rive nan yon fen san glwa [lawont]. Yon nouvo sistèm bipolè vin ranplase ansyen an. Se sèlman Etazini ak Inyon Sovyetik ki te sòti nan lagè a ak kapsite pou gen anpil enfliyans andeyò fwontyè pa yo. . . .

Sous: George C. Herring, *From Colony to Superpower: U.S. Foreign Relations Since 1776*, Oxford University Press, 2008

7 Dapre George C. Herring, kisa ki **yon** fason pouvwa te redistribiye apre Dezyèm Gè Mondyal la? [1]

Score

Dokiman 8a



Sous: Leslie Illingworth, *Daily Mail*, June 16, 1947 (adapte)

Dokiman 8b

. . .Ane te pase ant siyati trete Yalta a, ak pwomès eleksyon lib nan Ewòp Delès, epi diskou “Rido Fè” Winston Churchill la, ki te predi monte totalitaris. Pandan ane sa, anpil gwo chanjman te fèt. Lame Wouj te mennen polisye sekre ki fòme Moskou nan tout peyi okipe yo, li te mete kominis lokal nan kontwòl estasyon radyo nasyonal yo, epi li te kòmanse kraze gwoup jèn yo ak lòt òganizasyon sivik yo. Yo te arete yo, asasen yo, epi yo te depòte moun yo te kwè ki kont Inyon Sovyetik, epi yo te aplike ak brutalite yon politik netwayaj etnik. . . .

Sous: Anne Applebaum, *Iron Curtain: The Crushing of Eastern Europe 1944–1956*, Anchor Books, 2013


8 Selon dokiman sa yo, endike **yon** aksyon Inyon Sovyetik te mennen ann Ewòp Delès apre Dezyèm Gè Mondyal la. [1]

Score

Dokiman 9a

Nan kòmansman ane 1960 yo, Kiba ak Inyon Sovyetik te vin alye.

Kiba sou Castro, an 1962



Sous: *World History on File, Second Edition, The 20th Century, Facts On File* (adapte)

9a Selon enfòmasyon ki nan kat jewografik sa a, endike **yon** fason Lagè Fwad la te afekte Kiba lè li vin yon alye Sovyetik. [1]

Score

Dokiman 9b

Pasaj ki soti nan lèt Nikita Khrushchev voye bay Prezidan Kennedy

Sonnekselans

Mesye John F. Kennedy

Prezidan Etazini d Amerik

Wachinton

Mesye Prezidan, ou pa deklare yon karantèn, men alapas ou voye yon iltimatòm, epi w ap menase si nou pa obeyi lòd ou, lè sa, ou pral sèvi ak lafòs. Reflechi sou sa w ap di a! Epi ou vle konvenk mwen pou mwen dakò ak sa! Kisa sa siyifi dakò ak demann sa yo? Li ta vle di pou nou fè relasyon nou ak lòt peyi non pa avèk rezònman, men pou nou sede anba tirani. Ou pa mande larezon; ou vle kraponnen nou. . . .

Avèk respè,

/s/ N. Khrushchev

Moskou

24 Oktòb 1962

Sous: Library of Congress

9b Kisa ki **yon** enkyetid Nikita Khrushchev te eksprime nan reyaksyon li nan kominikasyon Prezidan Kennedy avèk Inyon Sovyetik? [1]

Score

Pati B

Redaksyon

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèw nan *omwen kat (4)* dokiman nan redaksyon w lan. Sipòte repons ou avèk reyalite, egzanzp ak detay enpòtan. Ajoute enfòmasyon ki sòti lòt kote.

Kontèks Istorik:

Pwen enpòtan yo se evènman ki te chanje listwa e ki te gen yon enpak sou plizyè sosyete ak rejyon. Kèk egzanzp pwen enpòtan yo gen ladan **Lagè Opyòm, Revolisyon Endistriyèl**, ak **Lagè Fwad**.

Sa pou fè: Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa ak jewografi jeneral, ekri yon redaksyon kote ou

Chwazi **de (2)** pwen enpòtan ki endike nan kontèks istorik la epi pou yo **chak**

- Dekri sikonstans istorik ki konsène pwen enpòtan sa a
- Diskite sou enpak pwen enpòtan sa a sou sosyete yo ak/oswa rejyon yo

Gid:

Nan redaksyon ou an asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Mete enfòmasyon nan *omwen kat (4)* dokiman
- Mete ladan l enfòmasyon enpòtan ki soti lòt kote
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanzp ak detay enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

